

Pwen Daksè Inik pou Timoun

Pwen Daksè Inik pou Timoun (Children's Single Point of Access, CSPOA) se yon sistèm referans ki konekte timoun ak jèn yo ak plizyè sèvis sante mantal nan Vil Nouyòk.



Pou pitit ou kalifye, li dwe:

- Gen mwens pase 22 an
- Gen yon twoub emosyonèl grav. Sa vle di nenpòt pwoblèm sante mantal yo dyagnostike ki afekte fonksyonman li chak jou. Kèk egzanp se:
 - Twoub defisi atansyon ak ipèraktivite (Attention Deficit Hyperactivity Disorder, ADHD)
 - Twoub estrès pòs-twomatik (Post-Traumatic Stress Disorder, PTSD)
 - Twoub enkyetid jeneralize
 - Twoub depresyon enpòtan (depresyon)

CSPOA ka konekte ou ak:

- Sèvis kominotè yo, ke yo bay nan kay ou oswa nan yon lòt kote nan kominote ou, ki sipòte bezwen ou ak bezwen pitit ou.
- Sèvis rezidansyèl yo, ki ofri timoun yo yon kote pou yo rete pandan y ap resevwa sèvis sante mantal konplè sou plas.



Pou aprann plis sou pwogram ki disponib atravè CSPOA ak fason pou aplike, ale sou **nyc.gov/youth-mh-referral** oswa eskane kòd QR la.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou

CSPOA, rele 347-396-7205 oswa voye imèl bay **cspoa@health.nyc.gov**.

Si pitit ou ap fè fas ak yon kriz sante mantal, rele oswa voye tèks nan **988** oswa chat sou **nyc.gov/988** nenpòt lè. Sèvis sipò a disponib nan plis pase 200 lang.

NYC
Health